



Pou Piblikasyon Imedya: 02/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI OTORIZE FAMASYEN YO POU BAY PASYAN KI GEN 18 ANE AK PLIS YO VAKSEN ANDISYONÈL KE CDC A REKÒMANDE YO

Lwa S.4807-A/A.6476 otorize famasyen ki gen lisans yo pou yo bay vaksen kont epatit A ak B, HPV, lawoujòl, malmouton, ribeyòl, ak varisèl

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon S.4807-A/A.6476 ki ogmante vaksen ke famasyen ki gen lisans yo ka bay pasyan ki gen 18 ane oswa plis yo. Dapre nouvo lwa a, famasyen yo pral kapab administre vaksen ke CDC a rekòmande yo kont epatit A ak B, viris papilòm imen (human papillomavirus, HPV), lawoujòl, malmouton, ribeyòl, ak varisèl. Nouvo lwa a rann pèmanan tou kapasite pou famasyen ki gen lisans yo pou bay vaksen COVID-19 la.

"Vaksen yo se pi bon zouti ki nan dispozisyon nou pou nou pwoteje sante piblik la epi nou dwe aplike tout mezi sansib pou rann vaksen yo lajman disponib", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo lwa sa a, n ap ogmante lokal kote Nouyòkè yo ka ale pou pran vaksen yo pou pwoteje pwòp sante yo - ak sante kominote pa yo."

Etid yo montre ke vaksinasyon famasyen yo bay yo ogmante to vaksinasyon an jeneral. Dapre lwa aktyèl la, famasyen nan New York yo te kapab administre vaksen kont grip pou granmoun ak timoun, ak pou COVID-19, nemokòk, zona egi, menengokòk, tetanòs, difteri, maladi koklich, ansanm ak medikaman ki nesese pou tretman anafilaktik an ijans, pou granmoun yo. Nouvo lwa a elaji lis vaksen famasyen yo ka bay adilt yo, epi li egzije famasyen yo rapòte vaksen yo bay Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a.

Senatè Toby Ann Stavisky te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon enpòtan sa a. Pandan pandemi COVID-19 la, nou te wè ki jan kominote ki gen revni fèb yo ak kominote riral yo te lite pou jwenn aksè ak sèvis swen sante enpòtan yo. Etid yo montre ke moun yo fè famasyen lokal yo konfyans yon fason entwitif. Lè nou pèmèt famasyen yo bay tout vaksen ke CDC a apwouve yo, nou pral redwi to maladi ak mòtalite epi sove lavi nan kominote nou yo ki pi defavorize nan domèn medikal."

Manm Asanble Alicia Hyndman, te deklare, "Aksè akswen sante ta dwe yon dwa imen debaz epi COVID-19 mete aksan sou anpil inegalite ki nan sistèm swen sante nou

an. Nan anpil nan kominote Nwa ak Mawon nou yo, famasyen lokal yo se wout imedya epi ki pi aksesib ak swen. Lejislasyon sa a se yon etap nan bon direksyon an pou abòde pwoblèm jistis sosyal sa a epi kreye ekite pou tout moun. Mwen ta renmen rekonèt epi remèsye Oratè Heastie ak tout defansè ki te asire adopsyon lejislasyon sa a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)